लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति
प्रस्तुतकर्ता



# बुद्धिमान राजा सुलैमान

लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Lazarus

अनुकूलित: Ruth Klassen
Alastair Paterson
अनुवादक: सुरेश मसीह

उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

©2020 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

राजा दाऊद परमेश्वर क एगो महान जन रहलन। उनकी शासन काल की दौरान, इस्राएल, राजा शाऊल की राज्य की तुलना में दस गुना बड़ हो गइल रहल। लेकिन अब उ शासन ना कर सकत रहलन।



दाऊद बूढ़ हो चुकल रहलन। उ थक गइल रहलन! अउर बीमार रहत रहलन! उनकर पृथ्वी पर क जीवन अपनी अंतिम कागार पर रहल।





दाऊद क कई लइकन
में से एगो, अदोनिय्याह,
इस्राएल की लोगन के
बतवलन कि अब उ राजा
होइहन। उनकी नाम क अर्थ
"हमार परमेश्वर ही हमार
प्रभु हउवन" अदोनिय्याह
बढ़ियाँ आदमी ना रहलन।
ई जनला की बाद की दाऊद
बचवला में कमजोर बाड़न,
कपट अउर चोरी से सिंहासन
चोरवला क कोशिश कइलन।
लेकिन परमेश्वर क आपन
एगो अलग योजना रहल!

दाऊद क पत्नी बतशेबा के पता रहल की उनकर बेटा सुलैमान ही राजा होइहन। उ अदोनिय्याह की योजना की बारे में दाऊद के बतवनल। जबकि उ बुरी तरह से बीमार रहलन तौभी, दाऊद अपनी अगुवन के बोलवलन अउर सार्वजनिक रूप से सुलैमान के इस्राएल क राजा बना दिहलन।



सुलैमान के अदू निय्याह की साथ कवनो अधिक परेशानी ना भइल काँहे से कि इस्राएल की लोग दाऊद की बातन पर विस्वास कइलें। दाऊद ओ सबके बतवलन की सुलैमान के परमेश्वर उनकर राजा होखे खातिर चुनले हउवन। शीघ्र ही, दाऊद क मौत हो गइल।





दाऊद अपनी मूवला से पहिले एगो बढ़ियाँ राजा होखे अउर परमेश्वर की आज्ञा क पालन कइला की बारे में सुलैमान के सिखवलन। दाऊद अपनी बेटा से कहलन, "तोहके सब कुछ में समृद्ध होखे खातिर के, परमेश्वर की नियम से चले के पड़ी," ई एगो बढ़ियाँ सलाह रहल! तब सुलैमान अपनी पिता, दाऊद की सिंहासन पर बइठलन, अउर उनकी राज्य
के मजबूती से स्थापित कइलन।

एक रात, सुलैमान एगो सपना देखलन। उनकी सपना में, परमेश्वर उनके दर्शन देके कहलन, "तोहके जेवन कुछ चाहीं मांगअ, हम तोहके देइब?" आप अपनी खातिर का मंगतीं?



सुलैमान एगो बढ़ियाँ राजा होखे खातिर बुद्धि के मंगलन। नौजवान राजा अनुरोध कइलन अउर उन पर परमेश्वर के कृपा भइल। सुलैमान जेवन मंगलन परमेश्वर उनके दिहलन अउर उनकी साथ – परमेश्वर उनके महान धन अउर सम्मान दिहला क वादा भी कइलन।





सुलैमान की ज्ञान क खोज कइला में लोगन के ज्यादा वक्त ना लागल। एक दिन, दूगो महतारी एगो लइका की साथ, उनकी सामने अइलीं। पहिलकी महिला कहलस "ए महिला की बेटा क रात में देहांत हो गोइल, अउर उ हमारी जीवित लइका के उठा लिहलस अउर अपनी मूवल लइका के हमरी पास छोड़ दिहली हअ।" पर एगो अउर दूसरकी महिला कहली, "ना! जेवन जीवित बा उ हमार बेटा हअ, अउर मरलका ओकर हअ।" राजा कइसे बता सकत रहलन कि लइका क असली माई के हअ?



तब राजा कहलन, "एगो तलवार ले आव जा" तब उ राजा की सामने एगो तलवार ले आइलें। आपके का लागता कि राजा ए तलवार की संगे का कइला क योजना बनावत रहलन?



राजा कहलन, "लइका के दू टुकड़ा में बाँट द अउर एगो के आधा अउर दूसरकी के आधा करके दे दअ।" तब फिर जीवित लइका क महतारी कहली, "हे हमार प्रभु, उ जीवित लइका के मत मारअ, ए जीवित लइका के ओहि के दे दअ"।




लेकिन दूसरकी मेहरारू कहलस,
"ओ लड़का के न हमार अउर न
ही ओकर होखे द, ओ के दू टुकड़ा
में बाँट दअ।"



तब राजा कहलन, "पहली महिला के जीवित लइका दे दअ, उहे ओकर असली महतारी हअ" अउर पूरा इस्राएल ए फैसला के बारे में सुन के, उ सब राजा क बहुत सराहना किइलें। उ लोग ई देखलें की उनकरा में परमेश्वर क ज्ञान रहल।





इस्राएल की लोगन की पास परमेश्वर क पूजा करे खातिर, कवनो मंदिर ना रहल। जब दाऊद एगो मंदिर की निर्माण कइला क योजना बनवलें, तब परमेश्वर उनसे कहलन कि, "तोहार बेटा हमरी नाम की खातिर मंदिर क निर्माण करिहन।"

ए खातिर सुलैमान यरूशलेम में एगो अदभुत भब्य मंदिर क निर्माण शुरू कइलन।

ए मंदिर की निर्माण में सात साल लागल। लेकिन ओ महान दिन पर लोग सुलैमान के सुने खातिर अइलें जब उ मंदिर के यहोवा खातिर समर्पित करे वाला रहलन।



एगो अद्भुत प्रार्थना की बाद
राजा अउर लोग खुशी से
हजारन की तादाद में बलि
चढ़वलें अउर दू सप्ताह तक
एगो महान दावत
कइलें।



एकरी बाद, परमेश्वर
सुलैमान के फिर से दिखाई
दिहलन अउर वादा कइलन
की जब तक उ यहोवा क
बात मनिहन उ इस्राएल के
आशीष देत रहिहन।





अफसोस क बात हउअ, न सुलैमान अउर न ही इस्राएल क लोग सदा खातिर परमेश्वर क बात मनलन। राजा बहुत औरतन से शादी कर लीहलन लेकिन परमेश्वर ना चाहत रहल की उ ओ औरतन से शादी करें। उनकर असभ्य मेहरारू लोग उनकी मन के मूर्तिन की पूजा की खातिर मोह दिहली, जेवनी तरह उनकरी बाप दाऊद क दिल परमेश्वर की प्रति वफादार रहल, अब सुलैमान क दिल ओइसन ना रहल।



जबतक सुलैमान परमेश्वर क आज्ञा क उलंघन कइला में समय बर्बाद कइलें, उनकी अधिकारियन में से एगो यारोबाम के एगो अजीब अनुभव मिलल।



एगो भविष्यद्वक्ता यारोबाम के बतवलन की परमेश्वर सुलैमान की राज्य के दू भाग में बटिहन, बारह में से दस गोत्रन क शासक यारोबाम होइहन। यारोबाम जल्दी से मिस्र देश में भाग गइलन। उ जानत रहलन कि यदि उ उहां रहिहन त सुलैमान उनके जान से मार डालिहंन।





अंततः सुलैमान क मृत्यु हो गइल। उनकर बेटा रहूबियाम, सुलैमान की तुलना में लोगन पर अउर भी भारी लगान लगवलस। दस गोत्र मिलके उनकरी बिरूद्ध बगावत कइलें - अउर उनकर अगुवा होखे खातिर यारोबाम के चुनलें। जइसन की परमेश्वर क भक्त कहले रहलन, ओइसने सुलैमान क महान राज्य, दू भागन में बँट गइल। परमेश्वर अनाज्ञाकारी लोगन के आशीषित ना करे लें!

# बुद्धिमान राजा सुलैमान

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

1 राजा 1-12

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन क क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं: हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं। आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16